

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan


Métode dina ieu panalungtikan dihartikeun minangka cara-cara nu bisa digunakeun pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2006:150). Métode panalungtikan mangrupa salasahiji cara pikeun ngahontal tujuan panalungtikan.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya eta métode déskriptif. Nurutkeun Sutedi (2009:58), métode déskriptif téh nya éta métode anu digunakeun pikeun ngagambarkeun, ngajabarkeun hiji fénoména nu lumangsung ayeuna ku cara ngagunakeun prosedur ilmiah pikeun ngajawab masalah sacara aktual. Masalah dina panalungtikan déskriptif nya éta masalah-masalah aktual nu lumangsung dina waktu panalungtikan dilaksanakeun. Ku kituna, dina widang pendidikan, panalungtikan déskriptif bisa difungsikeun pikeun ngaréngsékeun masalah praktis nu aya di lapangan.

Métode déskriptif dina panalungtikan mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif wungkul, teu nguji hipotesis, teu nyieun ramalan atawa teu nyungsi makna implikasi. Tujuan panalungtikan deskriptif nya eta nyieun gambaran sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daerah anu tangtu (Suyatna, 2002:14). Dina prak-prakanana, métode déskriptif lain ngan saukur ngumpulkeun jeung nyusun data tapi ngawengku ogé nganalisis jeung interprétasi ngeunaan éta data. Panalungtikan mibanda pancén pikeun nyieun kacindekan tina data anu ditalungtikna. Nu baris didéskripsikeun

dina ieu panalungtikan nya éta adegan pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2010/2011.

Léngkah-léngkah panalungtikan ti awal nepi ka ahir bisa dititénan dina bagan di handap.



Bagan 3.1
Désain Panalungtikan

Maksud tina bagan di luhur téh nya éta désain panalungtikan bisa dimimitian ku ulikan pustaka jeung studi dokumentasi, tuluy sanggeus éta bisa dilaksanakeun olah data. Ngolah data téh bisa dibagi kana tilu léngkah, nya éta nangtukeun data, papasingan data, tuluy déskripsi data. Ieu désain panalungtikan dipungkas ku nyieun kacindekan.

3.2 Wangenan Operasional

Sangkan teu papalingpang jeung pasualanana dina ieu panalungtikan, mangka dipedar istilah-istilah saperti ieu di handap.

- 1) Adegan pragmatis kalimah paréntah nya éta tata susun unsur-unsur basa anu patali, datar tur rélatip angger nurutkeun pola-pola atawa kaédah nu tangtu nu medar perkara bagbagan makéna basa dina rupa-rupa tujuan jeung kontéks situasina; medar perkara kamahéran atawa paripolah basa dina kalimah anu eusina pikeun maréntah batur sangkan milampah pagawéan, atawa miharep réspónsi nu mangrupa tindakan (kagiatan nonlingual)
- 2) Karangan paguneman persuasif nya éta hasil ahir tina ngarangkéy kecap, kalimah, jeung alinéa pikeun ngajabarkeun omongan atawa tanya jawab antara dua jalma atawa leuwih nu tujuanana pikeun ngayakinkeun nu diajak nyarita, nu sipatna ngajak.
- 3) SMA Pasundan 8 Bandung nya éta SMA nu aya di Jl. Cihampelas No. 167 Bandung.

Jadi, nu dimaksud adegan pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2010/2011 nya éta nalungtik adegan pragmatis nu ngawengku adegan, wangun, wujud pragmatis, prinsip pragmatis, jeung tahapan pragmatis kalimah paréntah nu aya dina paguneman persuasif karangan siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2010/2011.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanna leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis sahingga leuwih gampang diolah (Arikunto, 2006:160). Instrumén panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta lembar tés jeung kartu data.

3.3.1 Lembar Tés

Lembar tés dina ieu panalungtikan téh pikeun ngumpulkeun data karangan paguneman persuasif siswa, anu jumlahna 30 karangan.

Padoman tésna téh nya éta saméméh ngalaksanakeun tés, siswa dibéré conto téks paguneman persuasif anu judulna “Ngajak Bebersih di Lingkungan Masyarakat”. Éta paguneman téh ngandung kalimah paréntah. Tuluy siswa sina nyieun téks paguneman persuasif anu di jerona tangtu aya kalimah paréntahna. Topikna bébas, minimal aya 20 omongan.

3.3.2 Kartu Data

Sanggeus ngalaksanakeun tés, tuluy digunakeun sistem kartu data. Hal éta téh sangkan data leuwih gampang diolah sacara taliti, lengkep, jeung sistematis. Sangkan leuwih jéntré, tengetan conto kartu data ieu di handap.

Conto kartu data:

001	KARTU DATA
	Hayu atuh urang sampeur heula Si Lutfi! (NNBnU/01/40)
Adegan	: Kp + J + C + (X) + Tnd Pany (Tanda Panyeluk)
Wangun	: kalimah salancar jembar
Wujud pragmatis	: pangajak
Prinsip pragmatis	: maksim kacocogan
Tahapan pragmatis	: sedeng (wajar)

Dina kartu data dipidangkeun (a) nomer paguneman, (b) kalimah paréntah nu dicutat, (c) sumber cutatan (judul paguneman, nomer paguneman, jeung kalimah). Cara ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ku jalan nyalin jeung mindahkeun sakabéh kalimah paréntah anu kapanggih tina paguneman persuasif.

3.4 Latar Panalungtikan

3.4.1 Lokasi Panalungtikan

Panalungtikan ieu dilakukeun di SMA Pasundan 8 Bandung, Jl. Cihampelas No. 167 Bandung.

3.4.2 Subjék Panalungtikan

Subjék ieu panalungtikan nya éta siswa SMA Pasundan 8 Bandung kelas X anu dipilih kalawan acak. Subjék panalungtikan ditangtukeun kira-kira 10% tina jumlah sakabéh siswa, nya éta 30 siswa.

3.4.3 Data Panalungtikan

Data ieu panalungtikan nya éta karangan paguneman persuasif basa Sunda siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2010/ 2011, jumlahna téh 30 karangan nu dipilih kalawan acak tina 3 kelas.

3.4.4 Waktu Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilakukeun kurang leuwih dua minggu nya éta bulan Nopémber ahir nepi ka Désémber awal 2010, anu ngawengku saperti dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2 Waktu Panalungtikan

No.	Panalungtikan	Tanggal
1.	Panalungtikan kahiji (kelas X.4)	25 Nopémber 2010
2.	Panalungtikan kadua (kelas X.5)	02 Désémber 2010
3.	Panalungtikan katilu (kelas X.6)	03 Désémber 2010

Panalungtikan kahiji dilaksanakeun di kelas X.4 dina tanggal 25 Nopémber 2010, dituluykeun kana panalungtikan nu kadua di kelas X.5 tanggal 2 Désémber 2010, pamungkas dilaksanakeun panalungtikan katilu di kelas X.6 dina tanggal 3 Désémber 2010.

3.5 Téhnik jeung Prosedur Ngumpulkeun Data

3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Aya dua téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data, nya éta 1) Téhnik ulikan pustaka jeung 2) Téhnik studi dokuméntasi.

1) Téhnik Ulikan Pustaka

Téhnik ulikan pustaka dipaké pikeun meunangkeun rupa-rupa tiori nu bakal dijadikeun acuan dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan (Suyatna, 2002:19). Informasi anu kacangking dijadikeun dadasar pikeun ngalaksanakeun hal-hal anu raket patalina jeung ieu panalungtikan.

2) Téhnik Studi Dokuméntasi

Téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun nyungsi informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data nu aya dina wangun tinulis, kayaning buku, majalah, dokumén, aturan-aturan, notulén rapat, catetan, jeung sajabana (Arikunto, 2006: 158). Dina ieu panalungtikan, studi dokuméntasi téh dipaké pikeun nyungsi informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data kalimah paréntah.

3.5.2 Prosedur Ngumpulkeun Data

Dumasar téhnik di luhur, data dikumpulkeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Maca rupa-rupa tiori nu aya dina buku nu bakal dijadikeun acuan dina ieu panalungtikan

- 2) Guru ngalaksanakeun tés nya éta ku cara méré papancén ka siswa nyieun karangan paguneman persuasif
- 3) Sanggeus guru ngayakeun tés, tuluy éta hasil karangan siswa téh dikumpulkeun
- 4) Maca éta paguneman persuasif nu mangrupa hasil karangan siswa
- 5) Nyirian kalimah paréntah nu aya dina éta paguneman
- 6) Nyalin kalimah paréntah nu geus dicirian kana kartu data
- 7) Nyusun kartu data sacara alfabétis
- 8) Nyalin kalimah paréntah tina kartu data
- 9) Nyieun papasingan kalimah paréntah dumasar kana adegan, wangun, wujud, prinsip, jeung tahapan
- 10) Ngitung jumlah kalimah paréntah.

3.6 Téhnik jeung Prosedur Ngolah Data

Sabada data kumpul, data diasupkeun kana kartu data. Ari léngkah-léngkah nu kudu dilaksanakeun pikeun ngolah datana nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa deui sakabéh data kalimah paréntah anu geus disusun sacara alfabétis
- 2) Nyieun papasingan kalimah paréntah dumasar kana adegan, wangun, wujud, prinsip, jeung tahapan
- 3) Ngitung jumlah jeung perséntase papasingan kalimah paréntah
- 4) Ngadéskripsikeun adegan pragmatis kalimah paréntah dumasar kana adegan, wangun, wujud, prinsip, jeung tahapan

- 5) Mariksa deui sakabéh data nu geus dianalisis jeung didéskripsikeun
- 6) Nyieun kacindekan.

